АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№23
(10017)
РУЗМАН
10 июнь
2022 сон
10 ЗУЛЬ-КЪАГИДА 1443 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багьа эркенаб

■ НУХАЛ

## Раче ниж магIарухъе, кьур-кьурарал свераби..

**МагIарухъ гIумру-яшав лъикIлъиялъе, санагIалъаби цIикIкIиналъе гIоло гIемерал хIалтIаби унел руго ахирал саназ нилъер районалда. Гьезда гьорлъ ракI чIун рехсезе бегьула нухал къачIаялъе нухмалъулез кьолеб бугеб кIвар.**



Администрациялъулэкономикияботделалъулбаяназдарекъон «Дир нухал» абураб проекталдалъун исана къачIазе руго ГIасаб, Ругъелда, Бакълъухъ ва Микьигьориб росабазулъе нухал. ЛъагIалил ахиралде гьел нухазда капиталияб ремонти гьабун, нухал гIатIид гьарун къачIазе рихьизарун руго. Республикаялдаса бихьизабураб гIарцуда гьорлъ районалъул бюджеталдасаги буго гьелъие биччараб бутIа.

Свералаби, парсал ва хьитIал гIемерал мугIрузул нухазда хIинкъи гьечIолъи ва машинабазе бигьалъаби чIезариялъул мурадалда, цо чанго соналъ ДРялъул Минтрансалъул «Безопасные и качественные автодороги» программаялда рекъонги къачIана нилъер районалъул гIемерал нухал. Араб соналъго гьеб проекталда байбихьарал хIалтIаби лъугIизаризе рихьизарун руго ЦIекIоб -Хучада-Лъануб ва ГьентIа-МачIада нухазда, Гьандихъ, ГIурада, КъахIиб, ТIелекь ва Гьоориб росабалъе унел нухазда.

Жакъасеб къоялде кIудияб жигарчилъиялда хIалтIаби унел руго КъахIиб ва Гьандихъ нухазда. Гьандихъ лъадае рогIрал лъун, нухал щула гьариялда сверухъ унеб буго хIалтIи. КъахIиб гьаб анкьида жаниб асфальт тIезе байбихьизе бугин бицана хIалтIаби гьарулел ругеб идараялъул вакилзабаз.

Исана гьебго проекталда гIахьаллъи гьабун, къачIазе руго Дагъбаш ва Бакълъухъ росабалъе нухал. Гьедин, тIад бан хIалтIи унеб букIин лъайдал, Бакълъухъе унеб нухде щвана итни къоялъ редакциялъул хIалтIухъаби.

Райцентралде унеб аслияб шагьра-нухдасан байбихьун 3 километралда нухал гIатIид гьаризе ва 1 километралда асфальт тIезе бихьизабун буго проекталда рекъон.

Гьарулел ругел хIалтIабазул мухIканлъи кьуна Бакълъухъе нухал къачIаялъул участокалъул нухмалъулев МухIамадхIажи ГIумаровас: «МоцI буго хIалтIаби байбихьаралдаса. Гьаб заманалда жаниб нижеца цIакъго санагIалъи гьечIел бакIазда нухал кьвагьун гIатIид гьарулел руго. Жакъа аслияб хIалтIи нижер унеб буго тIоцебесеб километралда нухал ва свералаби гIатIид гьариялда сверухъ». Киналго хIалтIаби унел руго росдал бегавул МухIамад ХIажиевасул цIакъ мухIканаб бербалагьиялда гьоркь.

Гьединго, кIудияб кIвар кьола райадминистрациялъ кулабазде ва росабалъ жаниб нухал къачIаялде. Исана райбюджеталдасан росабалъ нухал къачIаялъе биччан буго 3 млн 800 аз.гъ.

**ПатIимат МУХIАМАДОВА**



■ ПОДПИСКА 2022



**Хириял «Цолъи»ялъул цIалдолел!**

**РакIалде щвезабулеб буго нужеда 2-леб бащдаб лъагIалий подписка гьабизе заман щун букIин.**

**Кидагосеб нилъер бухьен гьоркьоб къотIичIого букIине, 20-леб июналде, кватIизе течIого, почалдасан подписка цIи гьабе.**

**Бащдаб лъагIалий индекс – 51368.**
**Багьа -366гъ.**

■ НИЛЪЕР БАХIАРЗАЛ

## НурмухIамадов МухIамад ХIажимурадович



Араб анкьалъ цоги нилъер районцояв камиялъул пашманаб хабар бачIана нилъее Украиналдаса. Домбассалда унеб бугеб рагъулаб спецоперациялда гIахьаллъи гьабулев вукIарав 26 сон барав НурмухIамадов МухIамад рагъулаб хъулухъ тIубалаго къадаралде щвана.

НурмухIамадов МухIамад ХIажимурадович гьавуна 1996 соналъ Шамил районалъул Гьолокь росулъ.

Младший сержант МухIамад НурмухIамадов кколев вукIун вуго старший механиклъун ва 7-абилеб рагъулаб базаялъул танказул батальоналъул 1-себ танказулаб взводалъул водительлъун. Украиналъул ракьалда Херсоналъул областалда рагъулаб спецзадача тIубалаго лъабго экипажгун националистал рукIиналде щаклъи бугелъуре ритIун руго гьел. Тушбабигун ккараб вахIшияб кьвагьиялда нилъер районцоясул экипажалъул танк националистазул танказда данде бугеб рагъулаб ракетаялъ (ПТУР) хIалтIун бажарулареб хIал гьабуна. Гьенир щварал хвалил ругъназ МухIамад НурмухIамадов къадаралде щун вуго.

НурмухIамадов МухIамад хун хадуб пачалихъияб рагъулаб шапакъаталъе вихьизавун вуго. М.НурмухIамадов вукъана 2 июналъ жиндирго гIагараб Гьолокь росулъ.

ГIумруялъул завалалда нилъедаса ратIалъулел ругел гIолилал кидаго хутIила нилъер рекIелъ бахIарзаллъун. Хварасе Алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе бихьараб хIехьезе сабруги кьеги Аллагьас. Ахирияб батаги гьаб нилъехъе щвараб балагьаб хабар.

**Районалъул администрация ва редакция**

■ БАРКИ




**ХIурматиял районцоял,**
**Шамил районалъул жамагIат!**

РакI-ракIалъ баркула нужеда нилъер пачалихъалъул байрам-Россиялъул къо! Гьаб байрамалъ бихьизабула нилъер цолъи ва цоцалъ гъунки! Жакъа дунялалда бугеб ахIвал-хIалалъ борцунеб буго Россиялъул Конституциялъ тасдикъ гьабураб демократиялъул, эркенлъабазул ва ритIухълъиялъул тIадегIанлъи!

1990-абилеб соналъул 12 июналъ рагьана нилъер пачалихъалъул тарихалъул цIияб гьумер. Гьеб къоялъ, РСФСРалъул халкъиял депутатазул I-себ съездалъ къабул гьабуна нилъер хIукуматалъул жибго жиндаго чIеялъул Декларация.

Тарихалъул хиса-басиязухъ балагьичIого, Шамил районалъул жамагIат чIана улкаялъ бачунеб политикияб ва экономикаялъулаб бутIаялъулъ цебесеб кьерда. Дун божула хадусалаги нилъ гьелъие хиянат биччалареллъун рукIиналдаги.

Жакъа бакътIерхьул улкабаз гьарулел хIаязухъ балагьичIого, Россиялъул суверенитет цIуниялъе гIоло нилъер районалъул гIолохъаби гIумруялдаса ратIалъана. Гьел даимго нилъер чIухIилъун рукIине руго. Гьез гIумру кьуна Россиялъул киналго миллатал жакъасеб миллияб байрамалдаса чIухIун ва рохун рукIиналъе гIоло.

Нахъойги баркула байрам, щулалъайги гъунки ва цоцада ричIчIи! ЧIахъаги Россия ва нилъер улкаялъул жамагIатал!

**Районалъул бетIер**
**МухIамад ХIАСАНОВ**

■ АВТОРАСУЛ БОКIОН

Давуд ДАВУДОВ

## Нилъ - россиянал!

НекIсияб заманалдаса нахъе инсанасул тIабигIаталда цадахъ руго хасал болжалил бутIаби. Гьезда гIаммаб цIар лъун буго байрамкъоялин абун. ТарихчагIазул ва гIалимзабазул баяназда рекъон, гьелъие гIиллабилъун ккун руго инсанасул гIумруялъулъ ккарал кIвар бугел, ракIалде щвезариялъе гъира-шавкъ бижизабулел лъугьа-бахъинал. Киназего гIаммаб сордо-къо хиси, моцI цIилъи, лъагIалил заманаби хисиялдаса байбихьун инсанасул гIумрудулъ рижун руго гIодоркъоял. Кьерхенлъи гьарзалъаниги, бакъул бухIи цIикIкIаниги такрарлъаби рижун рачIана байрамазде.

Жакъасел байрамал гIемерал руго. Щибаб байрамалъул буго жиндирго тIокIлъи ва хасаб магIна. ЦIар рагIарав психолог Зигмунд Фрейдил пикруялда рекъон, иргадулал байрамал ва гIодоркъоял руго инсанас жиндирго черхалъе ургъарал ва чара гьечIого къваригIунел бигьалъаби. Гьел нилъер гIумруялъулъ рикIкIен гIемерал руго.

Амма, руго байрамал тIадегIанлъи ва цоцада релъунгутIи ругел. Гьединаздаса бищун къиматаблъун ккола щибаб миллаталъул ва пачалихъалъул хаслъи загьир гьабулел къоял. Нилъер улкаялъул Конституциялда рекъон 12 июнь пачалихъалъулаб цIияб цебетIей хисизабураб къо буго. Тарихазул сверелаз кигIан кIвекIаниги, жакъа дунялалда ритIухълъиялъул лълъар кодоб ккураб ва гьеб гIодобе рехунгутIи лъазабураб хIукумат буго нилъер. 1990 соналъул 12 июналъ къабул гьабураб РСФСРалъул жибго жиндаго чIезабиялъул Декларациялъул кIвар гIадамазда бичIчIизе захIмат букIана лъагIелалъ цебеги. «Дуца цебесеб лъазабе, гьеб буго дуе букIинеселъул мугIалим!» абураб китаязул аби исанасеб байрамалда щулаго хурхун буго. ГIакълу бугевщинав инсан цIидасан валагьила календаралда бугеб гьеб къоялде.

Санайил кIодо гьабула нилъер улкаялда цIар рагIарав А. С. Пушкинил гьавураб къо - 6 июнь. Гьесул машгьурал «Цебе аралъул адаб гьаби буго маданиятги жагьилиятги батIа гьабулеб роцен» абурал рагIабазул магIнаялъ, нилъ ахIула ВатIан бокьиялде, ВатIан цIуниялде ва ВатIаналдаса чIухIиялде. РФялъул регионазда гьоркьоб кидаго тIадегIанаб борхалъиялда буго Дагъистан ва улка цIуниялъул рахъалъ мисалияб хъулухъалда руго дагъистаниялги. 25 соналъ Дагъистаналъул халкъазул эркенлъиялъе гIоло вагъарав Имам Шамилил васияталъе хилиплъичIо магIарулал. Россиялъул тарихалъулъ бутIа лъечIел нилъер районцоялги гьечIо. Исана Суракъат Асиятилов гьавуралдаса тIубана 90 сон. Россиялъул къо -12 июнь байрам къабул гьабилелдеги ва гьелда хадусаги Суракъатица Дагъистаналъул, магIарулазул, Шамил районалъул рагIи буголъиги билълъанхъизабуна кидаго ва киса-кибего. Гьез киназго нилъ ахIана ракълиде, гъункиялде, вацлъиялде ва цолъиялде. Гьезул цонигияз нух рагьичIо гIемер миллатазулаб улкаялъул халкъазда тIад хасал миллиял къокъабаз ханлъи гьабизе.

Жакъасеб дуниялалда бугеб ахIвал-хIалалъ, жанисел ва къватIисел тушбабазде рагъ лъазабиялъ борхила 12 июнь- Россиялъул къоялъул къимат. Украиналъул ракьалда гIумруялдаса ратIалъарал нилъер районцоял, дагъистаниял ва цойги миллатазул гIолохъабазул бахIарчилъиялънигийищ нилъ данде гьариларел?

Инсанасул багьа учузлъараб, гIаданлъичилъиялъул къимат хвараб, кинабго гIарцуцаги, ришватазги борцунеб бугилан гIемерисез бицунеб букIараб заманаялъул болжал щинкIана. Нилъ тарихалъул нугIзал, жакъасеб къоялъ КIудияб улкаялъул граждана, чIухIадго хьвадила россиянал абураб цIаралда гъоркь.

■ РОСДАЛ МАГIИШАТ

# Цудунго унел руго ихдалил хIалтIаби



### ГIиял мугIрузде щвана

Исана цересел саназда дандеккун цIорораб ихги лъугIун, рарал кутакал цIадалги дагьлъун дуниял танкун ана май моцI лъугIиялда данде. КватIун гурого дунял хинлъичIониги, рагьлил кутакалъ къокъидго гIурччинлъун бачIана сверухълъи. Санайилго гIадин байбихьана гIи-боцIи лъарагIлъудаса мугIрузде гочине.

ГIи-боцIи хъутабаздаса риидалил мучIдузде гочин гIемерисез автотранспорталда гьабулеб буго исана.

Росдал магIишаталъул отделалъул нухмалъулев ГьитIино МахIачевасул баяназда рекъон, гIи къунцIун, чурун, дару-сабаб гьабун, 1-10-абилеб июналде щвезегIан тартибалда мугIрузде гочунел руго. ГIи гочинабулел нухазда къануналъ гьукъарал ракьазда бакIал ран, гIи гочине гIемерал квалквалал рукIиналъги, гIемерисез автотранспорталъ рехулел руго эхеде гIи-боцIи.

Хасел хинаб букIиналъ, исана СПКязда цIакъ лъикI ана тIинчI бахъи, гьелъул бихьизабулеб буго 88%, гьеб ккола араб соналдаса 5300 бетIералъ цIикIкIун.

ГIадамазул жалгобетIергьанал ва гIаммал магIишатазул риидалил мучIдузде гьаб соналъ гочунеб буго 41 азаргоялдаса-ги цIикIкIараб бетIер гIи-цIаниялъул.

ТIидисезул гIи гIадатияб къагIидаялъ, жидее рихьизарурал хасал нухал ккун, эхеде гочунел руго. Гьезулго чIегIерхIайван автотранспорталъ рехулеб буго. Ругъелда ва Хучада СПКязул гIи магIарде щун буго. ТIаса Бакълъухъ СПКялъул гIи арендаялъ босараб калмыказул ракьазде рачана. Гьандихъ ва М.ХIасановасул СПКял автотранспорталъ рехун 7-леб июналъ мугIрузда рещтIана. ГьитIино МахIачевасул рагIабазда рекъон, гIи-цIаназул аслиял рехъаби мугIрузде щвейгун, чанго риидалил мучIдузда маданияталъул хIалтIухъаби ва пресса гIахьаллъарал дандчIваял гьаризе ракIалда буго.

Районалъул росдал магIишаталъул отделалъул нухмалъулес баян гьабуна, магIарухъ мучIдузда цереккунго гIиялкъаял, гIухьби жанир чIезе рукъзал хIадурун рукIин.

### Рекьи ва ахал гIезари

Районалъул экономика цебетIеялъе лъагIалил байбихьудаго кванил нигIматазул суалазе щибго хIинкъи гьечIолъиялъе 2025 соналде щвезегIан заманалъе хIадурун букIана программа.

Бищунго рекъонккараб заманалда гьарулел руго ихдалил рекьул хIалтIабиги. Араб соналъул гьабго гIужалде данде ккун, картошка ва бахчадул нигIматал рекьараб ракь цIикIкIана 115%-алъ.

Росдал магIишаталъул отделалъул нухмалъулесул баяназда рекъон, ихдал гьарулел рекьиязе бихьизабун буго 2630га ракьалъул. Жакъа къоялде бекьун лъугIун буго 2130 га ва хIалтIаби гьоркьоса къотIизе течIого унел руго. Аслияб хIалалъ гьел культураби ккола: цIоросоролъ, картошка, бахчадул ва пастIанул нигIматал, пурчIина, кIалцIилъун кьолеб люцерна ва суданка.

- Нилъер ресал руго, гьединго, рис бекьизе ва лъикIаб бачIин бакIаризе. Сомодисезул ва ругъелдисезул СПКязул магIишатазда, рехун тарал ракьалги цIи гьарун, 200 гектар буго рисалъе байдабазул. Амма ахирисеб кIиябго соналъ каналаздаса лъим кьабизе щвечIого рис бекьизе щолеб гьечIо. Лъел суал хер бецулел ва цогидал рекьарал бакIазеги тIубан гьечIо. БукIине кколеб къадаралда лъим щолеб бугони, кIиго бутIаялъ бачIин цIикIкIине ва Кочубеялъул ракьазда ругел щуазарго чIегIерхIайваналъе ва ункъазарго гIи-цIаназе боцIунхъанлъиялъе рагIи-хералъул нахърател гIелаан, - ян бицана ГьитIино МахIачевас.

МугIрузул районазда ахихъанлъи ва жалго бетIергьанаб кумекалъулал магIишатал церетIеялъе Дагъистаналда унеб бугеб «Социально-экономическое развитие горных территорий РД» госпрограммаялда рекъон, гьарулел хIалтIабазде хасаб кIвар буссинабун буго. Минэкономикаялъул рахъалъ ЛПХязда ахал гIезариялъе 8 магIишатазе щвана грант ва ахазде сверизариялъе ракьал хIадурулел бакIазе жеги 16 жалго бетIергьанаб кумекалъулал магIишатазул хIадурун руго документал.

Ахихъанлъиялъул предпринимательствабаз щибаб санайил Россиялъул шагьаразде бичизе баччула 150-200 гIанасеб тонна пихъил.



ПатIимат ЖАМАЛУДИНОВА

■ МИСАЛИЯЛ РАЙОНЦОЯЛ

# Гъудуллъиялъе кьучI лъурав

**Исана Ругъелда гьоркьохъеб школалда ахирисеб цIурмил байрамалда гIахьаллъизе рес щвана дие. Дирекциялъ ХIурматалъул грамотаби кьун, гIарцулал сайгъатал кьун кIодо гьаруна районалъул ва республикаялъул предметиял олимпиадабазда цересел бакIал ккурал цIалдохъабиги, гьезие лъай кьурал мугIалимзабиги. Гьезулъ чанго нухалъ рехсана ва шапакъатазе мустахIикълъана математикаялъул учитель ГIали ИсмагIилов.**



Исана 45 сон буго ГIалил гьенив хIалтIулаго. Данделъи лъугIигун дица ГIалида гьикъана, мун гIемерал соназ хIалтIулев вугин школалда, учителасул хIалтIиги захIматаб хIалтIи бугин, хасго математикаги захIматаб предмет бугин, чIалгIун гьечIищ дуда хIалтIиян. ГIалица дида абуна, гьаб хIалтIи дида чIалгIунги гьечIин, дие бокьулеб хIалтIиги бугин, нахъе аян абуни, инеги инилан. Дида ккана гьав гIадинав лъималги рокьулев, гьезие рагIа-ракьанде щун гъваридаб лъай кьолев гьесда гьикъизегIаги щайдай дие букIарабилан. Гьебго пикру батана директорасулги: “ГIали вуго лъайги бугев, жиндаго лъарабщинаб цIалдохъабазеги кьолев, цойги учительзабазе мисаллъунги вугев мугIалим. ЦохIо районалда гуребги, гьесул цIалдохъаби гIахьаллъула республикаялъул олимпиадабаздаги, конкурсаздаги ва гьенир призалъулал бакIалги росула. Къокъго абуни, гьев гIадинав хIалтIиги бокьулев, лъималги рокьулев учитель школалдаго гьечIилан абизе бегьула”.

Дагъистаналъул университеталъул математикаялъул факультетги лъугIун вачIана ГIали гIагараб школалде хIалтIизе. ВачIинахъего рекIее гIуна гьев директорасеги, цадахъ хIалтIулезеги. Директор пенсиялде ингун, коллективалъги, райОНОялъги директорасул хъулухъалде тIамуна ГIали. Квеш гьабулеб букIинчIо гьеб жавабияб хIалтIиги гьес. Гьанибго абизе ккола ГIали директорлъун вугеб мехалъ тIоцебе гьес кьучI лъуралдаса нахъе гьудуллъиялъул бухьенал лъугьана Ругъелда ва ЧIарада районалъул Гьочоб гьоркьохъеб школалъулгун. Исана гьеб гьудуллъиялъ тIубана 33 сон. Гьоркьоб сон бахъун гьел школазул учительзабигин церетIурал цIалдохъаби щола цоцахъе. Бикьула цоцазе хIалбихьи, дандрала хIалтIул хIасилал. Цере даран-базаралъ цоцахъе магIардаса умумул хьвадулел рукIиндал, цоцазул гIемерал гьалбалги росабалъ рукIиндал, гьанже гIолезул щулалъана цоцазулгун бухьенал. Къварилъи-гIатIилъи гIахьал гьабизеги хьвадизе лъугьана гьел цоцахъе. Исанаги къелесел ун рукIана Гьочоре ва разиго тIадруссана.

Амма кIигогIан соналъ гурони гьабичIо ГIалица гьеб жавабияб хIалтIи. ГIарзаги кьун нахъе ана гьев, учителасул гIадаб хIалтIи жиндие щоларилан. ГIали ккола Хьиндахъ росулъа, 3-4 км буго гьениса Ругъелде. БукIа цIоррораб хасел яги их, щибаб къоялъ лъелго сагIат 8-гоялда гьев щола школалде ва гьединго уна лъелго рокъовеги. Жив ругьунлъун вуго гьаб хIалтIул низамалдеян абула гьес. Гьесул хIалтIул бажариялъул бицунеб макъала мискинаб букIинаан гьесул шапакъатазул бицинчIони. Гьев ккола тIадегIанаб категориялъул учитель, ЗахIматалъул ветеран, РФялъул лъайкьеялъул отличник, Россиялъул лъайкьеялъул ХIурматияв хIалтIухъан, щвана гьесие Грантги, дагьал гьечIо райадминистрациялъул, районалъул лъайкьеялъул отделалъ кьурал ХIурматалъул грамотаби, Баркалаялъул кагътал.

ГIумруялъул 73 сониде ваханиги, гьев вуго лъикIаб чIаголъиялда, гьев чIухIун вукIуна гьалгощинал саназ дарс кьуразул гIумруялъе хIажатал гIадамал рахъиналъулъ жиндирги цо бутIа букIиналъ. Гьев вохун вукIуна жиндир ирс босарал, гIадлу-низам бугел лъималги рукIиналъ. КIудияв вас ХIажимурад ккола Гъизляр районалъул Р.ХIамзатовасул цIаралда бугеб Краснооктябрьский СОШалъул директор, кIиабилев МухIамад ккола ДРялъул избирательнияб комиссиялъул районалда вугев бетIерав специалист-эксперт, Абубакар ккола районалда бугеб цIа свинабулеб часталъул начальникасул заместитель. Инсулго гIадаб гIаданлъиги намусги цIунарал ва росдаеги, районалъеги, республикаялъеги пайдаял рукIиналдаса лъикIаб жо щибха бугеб?

Икъбалги талихIги, жеги халатккун хIалтIизе щулияб сахлъиги дуе, ЗахIматалъул ветеран.

**Сайпула ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ**

■ БЮДЖЕТЫ СЕЛЬСКИХ ПОСЕЛЕНИЙ

ОТЧЕТ ОБ ИСПОЛНЕНИИ БЮДЖЕТА
ГЛАВНОГО РАСПОРЯДИТЕЛЯ, РАСПОРЯДИТЕЛЯ, ПОЛУЧАТЕЛЯ БЮДЖЕТНЫХ СРЕДСТВ, ГЛАВНОГО АДМИНИСТРАТОРА, АДМИНИСТРАТОРА ИСТОЧНИКОВ ФИНАНСИРОВАНИЯ ДЕФИЦИТА БЮДЖЕТА, ГЛАВНОГО АДМИНИСТРАТОРА, АДМИНИСТРАТОРА ДОХОДОВ БЮДЖЕТА
НА 01 ЯНВАРЯ 2022 ГОДА

АДМИНИСТРАЦИЯ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ "СЕЛО РАТЛУБ" ШАМИЛЬСКОГО РАЙОНА РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН БЮДЖЕТ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ "СЕЛО РАТЛУБ" ШАМИЛЬСКОГО РАЙОНА РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН

1. ДОХОДЫ БЮДЖЕТА

| Наименование показателя | Код строки | Код дохода по бюджетной классификации | | | | | Утвержденные бюджетные назначения | Исполнено |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | | | | | 4 | 5 |
| Доходы бюджета — всего | 010 | × | | | | | 2325399,00 | 3 101 443,40 |
| в том числе: | | | | | | | | |
| Дотации бюджетам сельских поселений | 010 | 001 | 2021500110 | 0000 | 150 | | 2031399,00 | 2 031 399,00 |
| Дотации бюджетам сельских поселений | 010 | 001 | 2021500910 | 0000 | 150 | | | 25 900,00 |
| Субсидии бюджетам сельских поселений | 010 | 001 | 2022004110 | 0000 | 150 | | | 100 000,00 |
| Субвенции бюджетам сельских поселений | 010 | 001 | 2023511810 | 0000 | 150 | | 103000,00 | 103 000,00 |
| Межбюджетные трансферты, передаваемые бюджетам сельских поселений | 010 | 001 | 2024001410 | 0000 | 150 | | - | 642 500,37 |
| Налог на доходы физических лиц перерасчеты, недоимка и задолженность по соответствующему платежу | 010 | 182 | 1010201001 | 1000 | 110 | | 20000,00 | 26 818,44 |
| Налог на доходы физических лиц (пени по соответствующему платежу) | 010 | 182 | 1010201001 | 2100 | 110 | | - | 51,58 |
| Налог на доходы физических лиц с доходов, полученных от осуществления деятельности физическими лицами | 010 | 182 | 1010202001 | 1000 | 110 | | - | 737,36 |
| Налог на доходы физических лиц с доходов, полученных от осуществления деятельности физическими лицами (пени по соответствующему платежу) | 010 | 182 | 1010202001 | 2100 | 110 | | - | 0,17 |
| Налог на доходы физических лиц с доходов, полученных физическими лицами в перерасчеты, недоимка и задолженность по соответствующему платежу | 010 | 182 | 1010203001 | 1000 | 110 | | - | 54,48 |
| Налог на доходы физических лиц с доходов, полученных физическими лицами в (пени по соответствующему платежу) | 010 | 182 | 1010203001 | 2100 | 110 | | - | 0,38 |
| Единый сельскохозяйственный налог | 010 | 182 | 1050301001 | 1000 | 110 | | 1000,00 | 900,00 |
| Налог на имущество физических лиц | 010 | 182 | 1060103010 | 1000 | 110 | | 60000,00 | 59 974,82 |
| Налог на имущество физических лиц, | 010 | 182 | 1060103010 | 2100 | 110 | | - | 29,57 |
| Земельный налог с организаций, обладающих земельным участком, | 010 | 182 | 1060603310 | 1000 | 110 | | - | 5 000,00 |
| Земельный налог с физических лиц, обладающих земельным участком, | 010 | 182 | 1060604310 | 1000 | 110 | | 110000,00 | 105 425,63 |
| Земельный налог с физических лиц, (пени по соответствующему платежу) | 010 | 182 | 1060604310 | 2100 | 110 | | - | -348,40 |

2. РАСХОДЫ БЮДЖЕТА

| Наименование показателя | Код строки | Код расхода по бюджетной классификации | | | | | | Утвержденные бюджетные назначения | Исполнено |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | | | | | | 4 | 6 |
| Расходы бюджета — всего | 200 | × | | | | | | 3 190 477,00 | 2 721 041,24 |
| в том числе: | | | | | | | | | |
| Фонд оплаты труда государственных (муниципальных) органов | 200 | 001 | 0102 | 99900 | 20300 | 121 | | 725 189,00 | 725 189,00 |
| Взносы по обязательному социальному страхованию | 200 | 001 | 0102 | 99900 | 20300 | 129 | | 209 662,00 | 209 662,00 |
| Иные выплаты персоналу | 200 | 001 | 0104 | 99900 | 20400 | 122 | | 20 000,00 | - |
| Прочая закупка товаров, работ и услуг | 200 | 001 | 0104 | 99900 | 20400 | 244 | | 248 000,00 | 223 820,00 |
| Закупка энергетических ресурсов | 200 | 001 | 0104 | 99900 | 20400 | 247 | | 7 000,00 | 7 000,00 |
| Уплата налога на имущество организаций и земельного налога | 200 | 001 | 0104 | 99900 | 20400 | 851 | | 2 500,00 | - |
| Фонд оплаты труда ВУС | 200 | 001 | 0203 | 99800 | 51180 | 121 | | 79 108,00 | 79 108,00 |
| Взносы по обязательному социальному страхованию | 200 | 001 | 0203 | 99800 | 51180 | 129 | | 23 892,00 | 23 892,00 |
| Прочая закупка товаров, работ и услуг | 200 | 001 | 0203 | 99800 | 51180 | 244 | | 7 000,00 | - |
| Прочая закупка товаров, работ и услуг | 200 | 001 | 0409 | 99931 | 59802 | 244 | | 100 000,00 | 100 000,00 |
| Прочая закупка товаров, работ и услуг | 200 | 001 | 0412 | 99926 | 49900 | 244 | | 600 000,00 | 298 874,36 |
| Прочая закупка товаров, работ и услуг | 200 | 001 | 0502 | 99900 | 41130 | 244 | | 20 000,00 | 7 000,00 |
| Прочая закупка товаров, работ и услуг | 200 | 001 | 0503 | 99960 | 00500 | 244 | | 422 500,00 | 359 980,88 |
| Закупка энергетических ресурсов | 200 | 001 | 0503 | 99960 | 00500 | 247 | | 20 000,00 | 20 000,00 |
| Прочая закупка товаров, работ и услуг | 200 | 001 | 0707 | 99900 | 43101 | 244 | | 50 000,00 | 50 000,00 |
| Фонд оплаты труда учреждений | 200 | 001 | 0801 | 99944 | 09900 | 111 | | 422 464,00 | 408 394,00 |
| Взносы по обязательному социальному страхованию | 200 | 001 | 0801 | 99944 | 09900 | 119 | | 125 162,00 | 122 121,00 |
| Прочая закупка товаров, работ и услуг | 200 | 001 | 0801 | 99944 | 09900 | 244 | | 55 000,00 | 33 000,00 |
| Закупка энергетических ресурсов | 200 | 001 | 0801 | 99944 | 09900 | 247 | | 3 000,00 | 3 000,00 |
| Прочая закупка товаров, работ и услуг | 200 | 001 | 1101 | 99951 | 29700 | 244 | | 50 000,00 | 50 000,00 |

Руководитель ______________ М.А. Джабраилов
(подпись) (расшифровка подписи)

Главный бухгалтер ______________ Ш.К. Курамагомедов
(подпись) (расшифровка подписи)

## Утверждено на 2022 год

| **Наименование доходов** | **Утвержденные бюджетные назначения** |
|---|---|
| Налог на имущество физических лиц | 60,0 |
| Земельный налог | 90,0 |
| Единый сельхозналог | 2,0 |
| Налог на доходы физ.лиц | 22,0 |
| Неналоговые сборы | -------- |
| **Итого собственные доходы** | **174,0** |
| Дотация | 2 047,1 |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ** | **2221,1** |
| **Переданные полномочия** | |
| ВУСЫ | 106,0 |

Глава МО М.А. Джабраилов

■ БАРКИ



Юбилейгун!

Гьал къоязда гIумруялъул 80 сон тIубана ТIелекь росдал ветераназул Советалъул председатель Рамазан МухIамадовас.

Гьесул нухмалъиялда гъоркь ветераназул Советалъ росдал жамагIаталъе, хасго гIун бачIунеб гIелалъе ВатIан бокьиялъулаб тарбия кьеялъе, ветераназул социалиялгун рукIарахъиналъул шартIал лъикIлъизариялъе, гьезул къадру-къимат борхизабиялъе хIаракатаб гIахьаллъи гьабулеб буго. Гьелъие гIураб лъайги, жамгIияб хIалтIул хIалбихьиги Рамазанил буго.

Гьарула дуе, хъизан-лъимал(а)зе щулияб сахлъи, халатал соназул гIумру, диналъе къуват, жамгIияб хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби.

Аллагь разияб гIумру кьеги дуе, гIумруялда баракат лъеги, берцинлъиялъул, баракатаб иман-исламалъул, хIалалаб ризкъиялъул гIорал чвахайги дуде, гIумруялъул ахир щвезегIан БетIергьанас дуда къварилъи- балагь бихьизе биччагеги.

**Кинабго дуе лъикIабщинаб гьарулев**
**районалъул ветераназул**
**Советалъул председатель**
**М-Р. АСХIАБОВ**

■ СПОРТ

# МугIрул районазда тIоцебесеб бакI

**Хунзахъ районалъул ТIануси росулъ арал гIодоркъояз тIобитIана жидерго районалъул данделъараб командаялъул член ХIажи ГIабдулаев ракIалде щвеялъулаб волейболалъул турнир.**

Къецазда гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул мугIрул районазул командабаз. ХIалуцарал къецазул хIасилазда тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана Шамил районалъул Гьолокь росдал команда, кIиабилеб бакI щвана Хунзахъ районалъул ветераназул командаялъе, лъабабилеб бакI кьуна ТIануси росдал командаялъе.

Чанго районалъул командаби гIахьаллъараб турниралда тIокIлъи бихьизаби баркула гьакьадерил волейболалъул командаялда.

**П.ЖАМАЛУДИНОВА**



■ ИНФОРМАЦИЯ ДЛЯ ГРАЖДАН

## Памятка владельцу и арендатору торгового объекта

Согласно ч. 5 ст. 9.5 КоАП РФ административным правонарушением является эксплуатация объекта капитального строительства без разрешения на ввод его в эксплуатацию, его совершение влечет наложение административного штрафа на граждан в размере от двух тысяч до пяти тысяч рублей; на должностных лиц - от двадцати тысяч до пятидесяти тысяч рублей; на юридических лиц - от пятисот тысяч до одного миллиона рублей.

Причем, штрафуют не только собственников недвижимости, но и тех, кто ее использует, т.е. арендаторов.

Административная ответственность за нецелевое использование земельных участков установлена ч. 1 ст. 8.8 КоАП РФ, при этом под действие данной статьи подпадает использование участка как не в соответствии с целевым назначением с учетом его категории, так и с нарушением ВРИ.

Санкцией за совершение правонарушения по ч. 1 ст. 8.8 КоАП РФ является штраф. На организацию может быть наложен штраф в размере от 1,5 до 2% кадастровой стоимости участка, но не менее 100 тыс. рублей.

Следует отметить, что на квалификацию действий по ч. 1 ст. 8.8 КоАП РФ не влияет нецелевое использование лицом только части, а не всего земельного участка.

Обязание привести земельный участок в пригодное для использования (исходное) состояние.

Требование о приведении участка в исходное состояние может быть связано с обязанностью освободить его от незаконно размещенных некапитальных объектов, например, торговых палаток, а также самовольно возведенных объектов недвижимости. Приведение земельных участков в пригодное для использования состояние осуществляется самими нарушителями или за их счет (п. 2 ст. 62 и п. 3 ст. 76 ЗК РФ).

Статьями 74 и 75 ЗК РФ предусмотрены также уголовная (ст. 254 «Порча земель») и дисциплинарная (применяемая к работникам

и должностным лицам) виды ответственности, которые могут применяться при нецелевом использовании земельных участков.

Размещение здания, сооружения на земельном участке не

в соответствии с его разрешенным использованием свидетельствует

о самовольности постройки, подлежащей сносу по решению суда (п. 1 ст. 222 ГК РФ).

Министерство промышленности и торговли РД рекомендует всем владельцам земельных участков и торговых объектов, а также лицам, которые арендуют помещения для бизнеса, проверить соответствие земельного участка на вид разрешенного использования, наличие разрешения на ввод в эксплуатацию торгового объекта, или убедиться, что для этого объекта недвижимости оно не требуется.

**Консультационная и информационная поддержка по тел.:8(8722)67-95-99**
**e-mail: minprom@e-dag.ru**
**Министерство промышленности и торговли РД**

■ ОБЪЯВЛЕНИЯ





**Уважаемые выпускники!**

Профессионально-педагогический колледж имени Расула Гамзатова

производит прием студентов на новый 2022 – 2023 уч. год.

**Подготовка специалистов в колледже, за счет средств бюджета Республики Дагестан, производится по направлениям:**

1. **44.02.01 Дошкольное образование** (Воспитатель детей дошкольного возраста с дополнительной подготовкой в области музыкального воспитания и изобразительного искусства).
2. **44.02.02 Преподавание в начальных классах** (Учитель начальных классов с дополнительной подготовкой в области русского языка и литературы, родного языка и литературы, математики, английского языка, информатики, психологии, физической культуры, технологии, музыкального воспитания, воспитатель детей дошкольного возраста).
3. **44.02.05 Коррекционная педагогика в начальном образовании** (Учитель начальных классов и начальных классов компенсирующего и коррекционно-развивающего образования).
4. **49.02.01 Физическая культура** (Тренер, учитель физической культуры).
5. **54.01.20 Графический дизайнер** (Графический дизайнер)
6. **09.02.07 Информационные системы и программирование** (Программист)

**Срок обучения:** на базе основного общего (9 кл.) образования – 3года 10месяцев.

**Абитуриенты принимаются в колледж без экзамена, на конкурсной основе.**

Имеется заочное отделение ( на платной основе, оплата 25 тыс. рублей в год) по специальностям: 44.02.01 Дошкольное образование, 44.02.02 Преподавание в начальных классах, 49.02.01 Физическая культура.

На базе общего и полного среднего образования.

**Документы принимаются с 25 июня по 15 августа 2022 года.**

**Наш адрес: г. Буйнакск, ул. Дж. Кумухского, 84.**


Утерянный аттестат, за номером № А-566335, выданный Асадулаевой Хадижат Абдулбасировне, 04.02.1977 г.р., МКОУ «Куанибская ООШ» в 1992г, считать недействительным.


# ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ

**П.Ш. МухIамадова**
**тел: 2-22-09**
**код: 887259**

**ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ**
П.Гь. Жамалудинова

**КОРРЕСПОНДЕНТАЛ**

Д.Давудов
ТI. МухIамадов

**РЕДКОЛЛЕГИЯ:**
П. ГьитIинова,
М. Гьазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГьазимухIамадов.

**НАБОР**
М. ГьитIиномухIамадовалъул

**ДИЗАЙН - ВЕРСТКА**
Марьям ГIисаевалъул

**Газета гIуцIарал:**
**Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация**

**Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»**

**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “Щияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гъоркь.**

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда**

**Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-I къватI, 61**
**Тираж - 1000**
**Индекс 51368**

**Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД) Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440**

**Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00**
**ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00**

**Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахьарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун. Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru**

**Издателасул ва редакциялъул адрес: РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу Имам Шамилил къватI 50**